दिन–रविवार दिनांक–24.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे शिक्षण काज मे लापरवाही कएनिहार शिक्षक लोकनिक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई कएल जायत। पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत श्री तिवारी कहलनि जे प्रदेश मे शिक्षा व्यवस्था कँ सुदृढ़ बनेबाक लेल विभाग लगातार काज कऽ रहल अछि। एहन स्थिति में अपन जिम्मेदारी सँ लापरवाह शिक्षक लोकनिक विरूद्ध कड़गर कार्रवाई होएत। ओ कहलनि जे सरकारी स्कूल सब मे नीक जकां पढ़ाई, शौचालय, मिड–डे मील, बेंच–टेबुल आ अतिरिक्त वर्गक व्यवस्था सेहो कयल जा रहल अछि।

---

केंद्र सरकार वजन आ मापक जांच प्रणाली कँ सुदृढ़ करबाक लेल जांच केंद्र–जीएटीसीक भूमिकाक विस्तार करत। एहि लेल वर्ष दू हजार तेरहक नियम मे संशोधन कयल गेल अछि। उपभोक्ता कार्य मंत्रालय कहलक अछि जे नव नियमक अंतर्गत एहि केंद्र सभ पर वजन आ मापक तेईस श्रेणीक सत्यापन भऽ सकत। एहि मे पेट्रोल आ डीजल, सीएनजी, एलपीजी, एलएनजी आ हाइड्रोजन डिस्पेंसरक जांच सेहो सम्मिलित अछि। एकर उद्देश्य व्यापार कँ पारदर्शी बनेबाक, व्यवस्था मे तकनीकक उपयोग आ वैश्विक मानकक अनुरूप आत्मनिर्भर भारतक परिकल्पना कँ बढ़ावा देब अछि।

---

जदयूक कार्यकारी अध्यक्ष आ राज्यसभा सांसद संजय झा केन्द्रीय वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल सँ भेंट कऽ मिथिलांचलक विकासक वास्ते अनुरोध कयलनि। श्री झा केन्द्रीय मंत्री सँ मधुबनी जिला मे राष्ट्रीय डिजाईन केन्द्रक स्थापना करबाक मांग कयलनि। केन्द्रीय मंत्री एहि वास्ते श्री झा के आश्वस्त सेहो कयलनि।

---

दरभंगा हवाई अड्डाक सिविल एन्क्लेव धरि पहुंच के सुदृढ़ बनेबाक लेल एनएच सत्ताईस सँ पहुंच पथक निर्माण कराओल जायत। एहि वास्ते बारह करोड़ सँ बेसीक निविदा आमंत्रित कयल गेल अछि। दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर एहि पहल लेल प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक संग केन्द्रीय मंत्री आ प्रदेशक मुख्यमंत्रीक प्रति आभार व्यक्त कयलनि अछि।

———————————————————————————

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी आगामी विधान परिषदक चुनाव मे सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सँ विद्यासागर विद्यार्थी आ तिरहुत शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सँ प्रोफेसर संजय कुमार सिंह के प्रत्याशी बनेबाक निर्णय कयलक अछि। पठना मे पार्टी कार्यलय द्वारा ई जनतब देल गेल।

———————————————————————————

प्रदेशक दक्षिणी भाग मे प्रचंड गर्मी पड़ि रहल अछि। अधिकांश ठाम पर तापमान चालीस डिग्री सँ बेसी भऽ गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार रोहतासक डेहरी राज्यक सभ सँ गर्म स्थान रहल, जतऽ अधिकतम तापमान पैंतालीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। विभाग अगिला चौबीस घंटा मे बक्सर, कैमूर, रोहतास आ औरंगाबाद जिला मे लू चलबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि। दोसर दिस, प्रदेशक दक्षिणी भाग मे अधिकांश स्थान पर मौसम शुष्क बनल रहत। राज्यक उत्तरी भाग मे निम्न दबावक क्षेत्र बनबाक कारण अन्हर, बरखा आ ठनका खसबाक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा मे सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णिया तथा कटिहार जिला मे कतेको ठाम अन्हर आ बरखा के लऽकऽ अलर्ट जारी कयने अछि।

———————————————————————————

एक भारत श्रेष्ठ भारत अभियानक अंतर्गत युवा संगमक छठम चरण मे पंजाब सँ आयल प्रतिनिधि लोकनि लेल आइ आईआईटी पटना मे स्वागत सह ओरिएंटेशन कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कार्यक्रम मे युवा लोकनि के संबोधित करैत पुलिस महानिदेशक विनय कुमार देशक विविध संस्कृति के बुझबाक, आपसी संवाद बढ़ेबाक आ राष्ट्र निर्माण मे सक्रिय भूमिका निभेबाक अपील कयलनि। एहि अवसर पर आईआईटी पटनाक निदेशक प्रोफेसर टी. एन. सिंह आ विधायक सुरेन्द्र मेहता सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————————————————————————

अररिया जिला अंतर्गत झमटा गाम मे परमान नदी पर बनल पुल के क्षतिग्रस्त होएबाक जांच शुरू कऽ देल गेल अछि। पटना आ पूर्णिया सँ विशेषज्ञ अभियंता लोकनिक दल क्षतिग्रस्त पुल लऽग पहुँचि कऽ दरार वला हिस्साक जांच कयलक।

———————————————————————————————————————

सेनाक खुफिया एजेंसी आ राज्य पुलिसक एसटीएफ टीम पूर्वी चंपारणक मोतिहारी सँ जाली नोटक नेटवर्क चलाबयवला गिरोहक सरगना सुशील तिवारी उर्फ दया तिवारी के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार अपराधी पर भारत, नेपाल आ बांग्लादेश मे जाली नोट सँ संबंधित कतेको मामिला दर्ज अछि।

———————————————————————————————————————

भागलपुर जिला मे महात्मा गांधीक आगमणक एक सय वर्ष पूरा हेबाक अवसर पर आठ आ नओ अगस्त कँ कार्यक्रमक आयोजन कऽ राष्ट्रपिता के श्रद्धांजलि देल जायत। कार्यक्रमक तैयारी के लऽकऽ बैसार कयल गेल।

———————————————————————————————————————

लोजपा रामविलासक प्रमुख आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान वैशाली जिला मुख्यालय, हाजीपुर मे आयोजित एक कार्यक्रम मे हत्याकांडक पीड़ित कँ सहायता राशिक चेक प्रदान कयलनि। संगहि आन कल्याणकारी योजनाक वास्ते सेहो सहायता राशि प्रदान कयलनि।

———————————————————————————————————————

रोजगार सेतु पोर्टल पर पंजीकरण कऽ नियोजक संस्थान सभ मे आवेदन कऽ सकैत छथि।

———————————————————————————————————————

समाप्त भेल।